

KSP | 22 DESANM 2025

Konprann dwa ou yo lè ou pèdi pèmi travay ou: Kesyon yo souvan poze (FAQ) pou anplwaye imigran ansanm ak defansè dwa imigran

Moun ki ekri dokiman sa a: Emily Tulli, Marisa Díaz (National Employment Law Project), ak Jessie Hahn epi Sarah Krieger (National Immigration Law Center)

Apèsi

Depi lè Administrasyon Trump lan antre an fonksyon, li retire estati legal imigrasyon, pwoteksyon ak pèmi travay pou plizyè santèn ak milye anplwaye imigran (nou rele pwosesis sa a “de-dokimantasyon” travayè yo) (ou pèdi nan papye w). Nan tout endistri ak rejyon yo, politik administrasyon an sou zafè imigrasyon gen enpak sou anplwaye ki gen divès kalite estati tanporè, san konte moun ki te benefisye estati tanporè sou kondisyon imanité, aksyon difere ak moun ki benefisye estati pwoteksyon tanporè (TPS). Malgre gwo latwoublay desizyon sa yo gentan lakòz nan kominote yo ak nan espas travay yo, administrasyon an sanble pare pou li kontinye retire pwoteksyon legal pou plizyè santèn ak milye lòt anplwaye. Pwosesis de-dokimantasyon sa a k ap vale teren an mache ansanm ak ogmantasyon san parèy nan mezi y ap pran pou ranfòse aplikasyon lwa imigrasyon kont anplwaye ak fanmi ki imigran, san konte travayè ki pa gen papye yo.

Kisa w dwe konnen sou kesyon yo souvan poze (FAQ) sa yo

Nan dokiman sa a ki abòde kesyon yo souvan poze (FAQ), nou pale sou pwoblèm anplwaye yo rankontre nan travay yo, lè yo pral pèdi pèmi travay yo oswa ki te fèk pèdi pèmi travay yo. Nan moman atak san parèy sa yo, nou espere dokiman FAQ sa a ap ede nan enfòmè defansè dwa yo, òganizatè yo ansanm ak avoka yo pou yo kapab sipòte epi defann anplwaye imigran ki afekte yo.

Nan dokiman FAQ sa a, nou itilize tèm “pèmi travay – work authorization” ki vle di pèmasyon jiridik pou travay nan peyi Etazini. Nou itilize tèm “imigran – immigrant” ki vle di tout moun ki gen estati imigran oubyen non-imigran dapre lwa Etazini sou imigrasyon epi tout moun ki pa gen papye legal.

Dokiman sa a pa abòde tout kesyon ki gen pou wè ak kondisyon ou dwe ranpli pou w jwenn pèmi travay dapre lwa imigrasyon an, ni li pa pale sou pwosesis pou w mande pèmi travay. Si ou bezwen enfòmasyon sou kesyon sa yo, nou ankouraje w konsilte resous yo [la a](#) epi [la a](#). Anplwaye ki se manm sendika (union members an anglè) kapab benefisye dwa adisyonèl dapre negosyasyon kolektif yo (akò yo pase ant patwon ak sendika yo pou antann sou kondisyon travay) (gade nan kesyon 21). Nou ankouraje manm sendika, òganizatè ak avoka pou yo kontakte sendika yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon.

Pou nou fini, **dokiman sa a pa konsèy jiridik epi li bay enfòmasyon ki egzat nan dat yo pibliye l la**. Moun k ap li dokiman an dwe konsilte yon avoka ki espesyalize nan dwa imigrasyon epi/oswa dwa travay, si l bezwen konsèy jiridik ki gen pou wè ak sitiyasyon yo a.

Kesyon yo souvan poze (FAQ)

1. Kisa yon pèmi travay ye epi ki enfòmasyon ki parèt nan yon pèmi travay?

Yon pèmi travay (yo rele l tou “dokiman ki ba w otorizasyon pou travay” oubyen “employment authorization document – EAD”) se yon dokiman Sèvis Etazini pou Sitwayènte ak Imigrasyon (United States Citizenship and Immigration Services, USCIS) ki anndan Depatman sekirite teritwa nasyonal nan Etazini (U.S. Department of Homeland Security, DHS) bay. USCIS se sèl ajans ki kapab bay pèmi travay. Yon pèmi travay se yon dokiman ki pwouve yon moun gen otorizasyon pou li travay legalman nan peyi Etazini. Gen lòt kalite dokiman ki montre yon moun gen otorizasyon legal pou li travay nan peyi Etazini, men dokiman FAQ sa a plis konsantre sou pèmi travay. (Gade modèl EAD ki nan pwochen paj la.)

Anplis lòt enfòmasyon yo, sou pèmi travay la w ap wè:

- Non moun nan;
- Kategori pèmi travay la;
 - [Kategori pèmi travay la](#) montre ki kalite estati imigran moun sa a genyen ki fè li ranpli kondisyon pou li jwenn pèmi travay la. Pa egzanp, yon moun ki resevwa yon pèmi travay paske li benefisye Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) ap nan kategori (a)(12) ki make nan pèmi travay li.

- An prensip, yon moun gen yon sèl pèmi travay. Men, li posib pou li gen plizyè pèmi travay an menm tan oswa nan moman diferan selon diferan kategori estati imigrasyon. Pa egzanp, yon moun gen dwa resevwa yon pèmi travay akòz li benefisye yon estati tanporè sou kondisyon imanitè (parolee status – humanitarian parole (kategori (c)(11)) epi aprè sa, li vin genyen yon lòt pèmi travay akòz yon demann azil ki annatann (pendin asylum) (kategori (c)(8)). Oswa, si yon moun pèdi estati tanporè sou kondisyon imanitè men yo ba li azil. Kidonk, an premye li ka genyen yon pèmi travay kategori (c)(11) epi aprè, li gen yon pèmi travay kategori (a)(5) (pou moun yo apwouve azil).
- Yon dat ekspirasyon.
 - An jeneral, dat ekspirasyon ki sou pèmi travay la vle di aprè dat sa a, moun nan pa gen otorizasyon pou li travay Etazini. Men, gen pafwa, yon pèmi travay konn toujou *valid aprè dat ekspirasyon an* oubyen li gen dwa *pa valid ankò anvan dat ekspirasyon an rive*. Gade kesyon 4 jiska 6 anba a pou jwenn plis enfòmasyon sou dat ekspirasyon pèmi travay la ak kondisyon ki pèmèt ou jwenn pwolongasyon otomatik epi kondisyon ki lakòz yo anile pèmi travay.

Anpil anplwaye imigran ki benefisye pwoteksyon jiridik tanporèki gen ladann libète tanporè sou kondisyon imanitè (parole) ak TPS, te resevwa yon pèmi travay epi yo te prezante dokiman sa a bay patwon yo lè yo t ap anboche yo.

Yon modèl pèmi travay:



anplwaye, pafwa, patwon yo rele yo “travayè endepandan – independent contractor”, poutan se yon “anplwaye” yo ye tout bon, (sa yo rele an jeneral “[move klasifikasyon](#)”). Pafwa patwon yo klase travayè yo nan kategori travayè endepandan pou yo kapab evite peye yon kantite salè oubyen pou yo pa oblije respekte yon seri dwa travayè yo genyen oubyen pou yo evite fè pwosesis Fòmilè I-9 la. Men, lwa imigrasyon entèdi antrepriz yo angaje yon moun pou travay si yo konnen moun sa a pa gen otorizasyon pou l travay legalman nan peyi Etazini.

4. Kijan yon anplwaye kapab verifye si pèmi travay li toujou valid epi si li kapab toujou travay legalman nan peyi Etazini?

Premye etap la pou yon anplwaye konnen si pèmi travay li toujou valid se verifye dat ekspirasyon ki afiche sou kat la. Si li ekspire, anplwaye a kapab verifye si li gen yon pwolongasyon otomatik oubyen si li toujou valid malgre dat ekspirasyon an depase (ale nan Kesyon 5 pou jwenn plis enfòmasyon sou pwolongasyon otomatik yo). Si pèmi travay la ekspire epi li pa gen pwolongasyon otomatik, sa vle di li pa valid ankò.

Si yon pèmi travay pa ko ekspire, an prensip, li ta dwe toujou valid. Pou anpil anplwaye imigran ki genyen pwoteksyon tanporè oswa estati imigran tanporè, dat ekspirasyon ki sou kat la se li menm k ap montre kilè pèmi travay anplwaye a ap ekspire. An jeneral, anplwaye ki te jwenn pèmi travay yo nan kad pwogram DACA (Pwogram aksyon ranvwaye pou timoun ki te antre Etazini pandan yo te minè – Deferred Action for Childhood Arrivals) avèk pwosesis aksyon ranvwaye ki baze sou kad travay (yo rele l tou “DALE – Labor-based deferred action”), yo gen pèmi travay ki montre egzakteman lè otorizasyon pou travay yo a ap ekspire.

Men, administrasyon Trump lan ap anile pèmi travay ki pa ko ekspire men ki te fèt anba kèk pwogram imigrasyon tanporè. Sa vle di, pèmi travay sa yo kapab pa valid ankò menmsi dat ekspirasyon yo poko rive (gade Kesyon 6 la pou jwenn plis enfòmasyon sou pèmi travay yo anile yo).

Menmsi pèmi travay yon anplwaye ta ekspire oswa yo ta anile l, sa ka rive li toujou gen dwa pou travay nan peyi Etazini. Sa ka rive, si pa egzanp, moun nan te renouvle pèmi travay li oswa si li vin benefisye yon lòt kalite pwoteksyon tanporè, azil oubyen ajiste estati l pou l vin yon rezidan legal pèmanan. Nan ka sa a, anvan yon patwon revoke yon anplwaye paske pèmi travay li ekspire oubyen yo anile l, patwon an ta dwe bay anplwaye a yon chans pou li prezante yon lòt dokiman nan “Lis dokiman yo aksepte” ki nan paj 2, nan Fòmilè I-9 la.

5. Kisa yo rele “pwolongasyon otomatik” sou yon pèmi travay?

Yon pèmi travay toujou valid malgre dat ekspirasyon li pase si li te benefisye yon “pwolongasyon otomatik”.

Anvan, USCIS te konn bay yon pwolongasyon otomatik pou pèmi travay yo jiska 540 jou, so yon baz endividyèl pou kèk moun ki aplike pou yo renouvle pèmi travay yo. Men, nan mwa oktòb

2025, [USCIS soti yon Règleman final pwovizwa](#) ki tou elimine peryòd pwolongasyon otomatik sa a. Règleman sa a pa aji sou pwolongasyon pèmi travay pou moun ki te aplike pou renouvle pèmi yo anvan 30 oktòb 2025. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [gid pou patwon yo](#) nan Fòmilè I-9 USCIS la.

Epitou, pa egzanp, gen tout yon kategori pèmi travay, pou moun ki gen TPS epi ki soti nan yon peyi an patikilye, kapab toujou benefisye yon pwolongasyon otomatik nan men gouvènman federal la. Pou sa, I ap pibliye yon nòt pou pwolongasyon otomatik la nan Federal Register a (Journal ofisyèl gouvènman federal Etazini an).

Pou w verifye si pèmi travay anba TPS benefisye yon pwolongasyon otomatik pou moun ki soti nan yon peyi an patikilye, nou kapab ale sou [sit entènèt TPS USCIS pou peyi sa a](#). Akoz pwosedi jidisyè ki ap dewoule sou dosye sa a, moun ki gen TPS ki soti Ayiti, Venezyela, Ondiras, Nepal, Nikaragwa, ta dwe verifye sit entènèt [National TPS Alliance](#) lan (yon òganizasyon k ap defann dwa moun ki benefisye TPS) pou yo ka jwenn dènye enfòmasyon yo. Si administrasyon an deside anile lòt peyi yo te deziyen pou TPS alavni, ta dwe gen lòt pwosedi jidisyè epi sa ap aji sou pèmi travay yo pou deside si yo toujou valid oswa si yo pa valid ankò. Nou rekòmande w rete an kontak ak National TPS Alliance ansanm ak sendika lokal ou oswa òganizasyon k ap defann dwa travayè ou a pou yo suiv tout chanjman ki gen pou fèt onivo TPS.

Si yon pèmi travay benefisye yon pwolongasyon otomatik, moun sa a kapab kontinye travay legalman Etazini menmsi dat ekspirasyon pèmi an gentan pase. Nan ka sa a, anplwaye a gendwa oblije prezante lòt dokiman pou I pwouve pwolongasyon otomatik sa a lè I ap ranpli Fòmilè I-9 la nan moman y ap anboche I oswa lè y ap fè re-verifikasyon dokiman I yo (gade Kesyon 2 (Fòmilè I-9), 8 (fè re-verifikasyon) epi 14).

6. Kisa sa vle di lè yo anile yon pèmi travay?

Yon pèmi travay gendwa pa valid ankò anvan dat ekspirasyon I rive si yo te “anile” I. Si yo te anile yon pèmi travay anvan dat ekspirasyon I, yo pa ka itilize I ankò kòm prèv pou montre yon moun gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini. Pou anplwaye yo anile pèmi travay yo, patwon yo gendwa mande yo “fè re-verifikasyon” pèmi travay yo (gade Kesyon 8 jiska 11).

Pa egzanp, nan mwa mas 2025, administrasyon Trump lan te eseye mete yon fen ak pwogram estati tanporè sou kondisyon imanitè (humanitarian parole) pou moun ki sòti Kiba, Ayiti, Nikaragwa ak Venezyela (Pwogram estati tanporè CHNV – CHNV Parole). Pwosesis sa a te pèmèt plizyè moun ki sòti nan kat peyi sa yo pou yo antre Etazini pa vwa legal anba estati tanporè legal si yo te gen yon esponsò k ap viv nan Etazini. Yo te soumèt plizyè aksyon jiridik pou anpeche yo mete yon fen ak pwogram estati tanporè CHNV a. Nan mwa jen 2025, [Lakou Siprèm te sòti yon òdonans](#) ki bay administrasyon Trump lan pèmision pou I anile Pwogram estati tanporè CHNV a. Annaprè sa, DHS te [avèti moun ki te benefisye Pwogram estati tanporè CHNV la](#) pou fè yo konnen yo pral anile pèmi travay yo. Kidonk, moun ki te benefisye Pwogram

estati tanporè CHNV la kapab gen pèmi travay ki parèt valid (avèk yon dat ekspirasyon sou kat la ki poko rive) men pèmi travay sa a pa valid ankò.

Epitou, administrasyon Trump lan ap regilyèman anile estati TPS la pou yon seri peyi, menm pou peyi kote sitiyoasyon an toujou rete danjere. Lè yon anplwaye gen TPS li ki ekspire, pèmi travay li ekspire otomatikman menmsi dat ekspirasyon ki sou kat la poko pase.

DHS pa ni eseye ranmase pèmi travay yo fin anile, ni li pa p bay nouvo pèmi travay ki montre nouvo dat ekspirasyon an. Gade Kesyon 7 la pou jwenn plis enfòmasyon.

7. **Kijan yon anplwaye kapab konnen ki pèmi travay yo anile oswa retire?**

Administrasyon Trump lan te anile oswa te fè tantativ pou anile estati imigrasyon ak validasyon pou pèmi travay pou plizyè kalite pwogram imigrasyon ki tanporè. Kòm li konn difisil anpil pou konprann estati aktyèl yon pwogram imigrasyon tanporè epi konprann kilè pèmi travay yon anplwaye valid toujou menmsi li poko ekspire. Pou rezon sa a, lè sa posib, yon anplwaye ta dwe chèche konsèy jiridik sou dosye pa l la.

Met sou sa, nou ankouraje w al konsilte resous ki anba a yo, men *defansè dwa yo ta dwe konnen enfòmasyon sa yo pa fòseman ajou:*

- **Enfòmasyon pou anplwaye ki sou TPS oubyen estati tanporè sou kondisyon imanité (Parole):**
 - [FAQ USCIS yo sou chanjman ki fèt nan estati tanporè sou kondisyon tanporè \(Parole\) ak TPS](#)
 - [Avi USCIS yo sou Fòmilè I-9 la](#)
 - [Tablo mizajou sou estati tanporè sou kondisyon imanité \(Parole\) AILA ak TPS](#)
- **Enfòmasyon pou anplwaye ki sou TPS:**
 - Pou kesyon sou estati pwogram TPS epi konnen si pèmi travay yo toujou valid pou anplwaye ki sòti Ondiras, Nepal ak Nikaragwa, nou konseye w al konsilte [resous sa yo](#).
 - Pou kesyon sou estati pwogram TPS la avèk kesyon pou konnen si pèmi travay yo toujou valid pou anplwaye ki soti Ayiti, Venezyela, nou konseye w al konsilte [resous sa yo](#).
- **Enfòmasyon pou anplwaye ki benefisye pwogram estati tanporè sou kondisyon imanité (Parole):**
 - Pou kesyon sou estati plizyè kalite pwogram tanporè sou kondisyon imanité (Parole) avèk kesyon pou konnen si pèmi travay yo toujou valid pou anplwaye ki soti nan youn nan peyi sa yo, nou konseye w al konsilte [resous sa yo](#).

- Pou kesyon sou estati pwosesis pwogram CHNV ansanm ak lòt pwosesis pwogram tanporè sou kondisyon imanité (Parole) epi kesyon pou konnen si pèmi travay yo toujou valid pou moun ki benefisye pwogram sa yo, nou konseye w al konsilte [resous sa yo](#).
- Pou tout kesyon sou estati pwosesis pwogram estati tanporè CBP One (CBP One Parole) avèk kesyon pou konnen si pèmi travay yo toujou valid pou anplwaye ki benefisye pwogram sa a, nou konseye w al konsilte [resous sa yo](#).

8. An jeneral, èske yon patwon konnen lè pèmi travay yon anplwaye pral ekspire?

An prensip, patwon yo suiv dat espirasyon pèmi travay anplwaye yo gras ak yon sistèm yo genyen nan konpayi an. Si yon patwon patisipe nan pwogram [E-Verify](#), sistèm E-Verify la ap [siyale](#) l nan yon “Alèt sou dosye” lè pèmi travay yon anplwaye pral ekspire (nou sipoze patwon an te itilize E-verify depi nan kòmansman pwosesis pou anboche anplwaye a, pou verifye otorizasyon travay la pa t ko ekspire). Gade nan Kesyon 9 pou jwenn plis enfòmasyon sou sistèm E-Verify la.

Si, nan moman yo t ap anboche anplwaye a, li te prezante yon dokiman ki gen yon dat ekspirasyon (tankou yon pèmi travay) pou montre li gen otorizasyon pou l travay legalman Etazini, lwa federal la egzije pou patwon an verifye dokiman anplwaye a ankò anvan pèmi travay la ekspire pou l asire l anplwaye a toujou gen otorizasyon pou li kontinye travay legalman nan peyi Etazini. Se sa yo rele “**fè re-verifikasyon**” dokiman anplwaye a.

9. Anplwaye yo te anile pèmi travay yo, kisa pou yo atann si patwon yo enskri nan pwogram E-Verify?

E-Verify se yon sistèm elektwonik sou entènèt ki anba kontwòl USCIS. Patwon yo kapab itilize l pou verifye si anplwaye yo pral anboche yo ranpli kondisyon pou travay legalman. Se pa yon obligasyon pou patisipe nan E-Verify, men yo egzije pou kèk patwon patisipe dapre kontra federal oswa dapre lwa ki gen nan kèk eta. Sa konn rive, anplwaye yo pa menm konnen si patwon yo itilize E-Verify. Pou w konnen si yon patwon itilize E-Verify, ou kapab verifye [lyen sa a](#).

Nan mwa jen 2025, DHS pibliye direktiv epesifik sou anilasyon pèmi travay pou patwon ki sèvi ak E-Verify. Li fè yo konnen gen yon nouvo zouti “[Rapò sou chanjman estati – Status Change Report](#)”, ki pèmèt patwon yo “revize done ka yo pou nenpòt anplwaye ki te prezante yon pèmi travay (EAD) pou yo verifye, yon pèmi travay DHS te vin anile” (jan yo di l nan Kesyon 1 an, “EAD” vle di pèmi travay). Pou chak anplwaye ki nan Rapò sou chanjman estati (Status Change Report), [yo fè patwon yo konnen](#) pou yo “konpare nimewo ki sou kat EAD anplwaye a prezante

pou Fòmilè I-9 la ansanm avèk nimewo dokiman yo anile ki afiche nan rapò a. Depi se menm nimewo a, yo dwe re-verifye otorizasyon travay la.” Yo konstate gen moun non yo afiche pa erè nan rapò sa a.

Nan moman sa a, nou panse rapò sa a plis konsène anplwaye ki te antre Etazini anba pwogram estati tanporè sou kondisyon imanite, nan kategori (c)(11), kote yo te vin mete fen ak pwogram estati tanporè apre sa yo te vin anile oswa retire estati yo a. Men, DHS kapab itilize rapò sa a tou pou lòt moun selon ka chak moun an patikilye. Enfòmasyon sa yo kapab chanje byen vit; pou pi byen konprann notifikasyon E-Verify ap voye pou patwon yo, nou ankouraje w swiv sit USCIS la ki bay [aktyalite sou Fòmilè I-9](#) la.

Li enpòtan pou nou konnen, direktiv DHS sa a aplike sèlman pou patwon ki itilize E-Verify; nou pa p jwenn menm direktiv sa yo pou patwon ki pa itilize E-Verify. DHS pa t voye okenn notifikasyon ofisyèl pou patwon ki pa t enskri nan pwogram E-Verify, sou pwosesis pwogram estati tanporè sou kondisyon imanite (Parole) yo anile pou yon seri anplwaye espesifik. Malgre sa, yo ta dwe retounen verifye dokiman anplwaye ki ta sanble montre yon estati yo gen dwa anile nan moman an.

10. Kilè yon patwon kapab re-verifye pèmi travay anplwaye yo? Kisa yon odit ICE I-9 yo epi kisa sa vle di lè yon patwon fè yon odit entèn?

Lalwa egzije pou patwon yo ranpli epi kenbe yon Fòmilè I-9 pou tout anplwaye. Epitou, patwon yo gen obligasyon jiridik pou yo korije nenpòt erè oswa nenpòt bagay yo pa t ranpli nan Fòmilè I-9 yo. An jeneral, yon patwon yo *kapab* re-verifye pèmi travay anplwaye yo nenpòt kilè, depi se pa yon verifikasyon ki fèt sou baz diskriminasyon oswa sou baz revanj. Gade Kesyon 11 pou jwenn plis enfòmasyon sou kilè yon re-verifikasyon kapab illegal sou revanj oswa diskriminasyon. Epitou, pou anplwaye ki manm sendika yo, akò negosyasyon kolektif yo (akò yo pase ant patwon ak sendika pou antann sou kondisyon travay) kapab mete limit tou sou kapasite yon patwon pou fè re-verifikasyon oswa pou fè odit pèsònèl sou Fòmilè I-9 yo (ale nan Kesyon 21 pou plis enfòmasyon).

Dapre lwa federal, patwon yo gen yon obligasyon kontinyèl pou yo anboche epi kenbe sèlman anplwaye ki gen otorizasyon legal pou yo travay Etazini. Poutèt sa, pafwa, lalwa konn *egzije* patwon yo re-verifye pèmi travay anplwaye yo. N ap pran yon egzanp ki souvan repete, menmjan nou te di l nan Kesyon 8 la, se lè pèmi travay yon anplwaye ekspire oswa lè yo anile l. Lòt egzanp ki souvan repete se lè Ajans Etazini pou kontwòl imigrasyon ak ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) mande yon patwon pou li fè re-verifikasyon pèmi travay yon anplwaye aprè l fin fè yon odit I-9. Lè [ICE ap fè yon odit I-9](#), (yon konn rele sa yon “desant administrative – desktop raid”) yo ale nan achiv patwon an pou egzamine Fòmilè I-9 yo ak dokiman ki gen rapò ak fòmilè sa a. Lè ICE ap fè yon odit I-9, ICE gendwa bay patwon an yon “Avi pou dokiman ki sispèk - Notice of Suspect Documents” ki mande yon patwon pou li fè re-verifikasyon pou nenpòt anplwaye ki afiche nan Avi sa a.

Patwon yo, sou bò pa yo, gendwa verifye Fòmilè I-9 yo san ICE pa fè odit I-9 pou asire yo yo te ranpli fòmilè sa yo kòm sadwa epi yo konplè. Le sa a, yo di patwon an fè yon “odit entèn”. Yon odit entèn pa obligatwa dapre lalwa, men, nan kontèks aktyèl la kote administrasyon Trump lan ap ranfòse kontwòl imigrasyon yo ak de-dokimantasyon anplwaye yo, gen anpil patwon ki vin fè sa. Kòm rezilta odit entèn sa yo, patwon yo gen dwa mande anplwaye yo pou ba yo re-verifye pèmi travay yo.

Chak fwa yon patwon ta mande yon anplwaye pou l re-verifye pèmi travay li, li enpòtan pou defansè dwa yo ansanm ak anplwaye yo konnen si re-verifikasyon sa a te fèt sou baz yon revanj oubyen diskriminasyon. (Gade Kesyon 11 pou plis enfòmasyon sou kilè li kapab ilegal pou yo fè re-verifikasyon.) Met sou sa, travayè yo kapab òganize yo pou yo konbat odit entèn yo; gen anpil egzanp kote travayè yo reyisi mete presyon sou patwon yo pou yo sispann odit entèn ki te fèt sou baz revanj oswa yon odit entèn ilegal.

11. Èske lalwa mete limit sou kapasite yon patwon genyen pou li fè re-verifikasyon pèmi travay yon anplwaye?

Wi. Si yon patwon chwazi yon sèl anplwaye oswa yon gwoup anplwaye pou li fè re-verifikasyon dosye yo san li pa gen okenn rezon lejitim tankou si pèmi travay yo ta ekspire, sa ka rive patwon an ap vyole lwa ki entèdi diskriminasyon ak revanj.

Pa egzanp, selon anpil lwa sou travay ak imigrasyon, se yon diskriminasyon epi li ilegal, pou yon patwon chwazi sèlman kèk anplwaye pou l fè re-verifikasyon pèmi travay yo sou baz peyi kote yo soti, estati sitwayènte yo oubyen estati imigran yo. Si yon patwon trete kèk anplwaye nan yon fason diferan, tankou re-verifye dokiman kèk moun yo men pa tout moun, yo kapab konsidere aksyon patwon an kòm yon pratik dokimantè ilegal (yo souvan rele sa yon “[abi sou dokiman](#)”) oswa yon lòt fòm [diskriminasyon ilegal](#).

Epitou, li kapab ilegal pou patwon yo chwazi sèlman kèk anplwaye pou fè re-verifikasyon pèmi travay yo kòm yon fòm revanj paske anplwaye sa yo te egzèse dwa yo anba lwa travay oswa lwa travayè yo. Pa egzanp, yon patwon pa gen dwa revoke yon anplwaye sou baz yon odit entèn Fòmilè I-9 paske anplwaye sa a te reklame yon valè lè travay yo pa t peye l.

12. Si yon patwon pa t ranpli yon Fòmilè I-9 lè li t ap anboche yon anplwaye, èske annaprè patwon an mande pou verifye pèmi travay anplwaye sa a epi revoke yo si yo pa gen pèmi travay ki valid nan lè sa a?

An jeneral, wi. Paske dapre lwa imigrasyon, patwon yo gen yon obligasyon kontinyèl pou yo anboche epi kenbe sèlman anplwaye yo konnen ki gen otorizasyon legal pou yo travay Etazini, yo kapab mande yon anplwaye ki te gentan nan travay la pou itilize Fòmilè I-9 la pou verifye

pèmi travay la si yo vin reyalize (pa egzanzp, pandan yon odit entèn) yo pa t fè sa a lè yo te fèk ap anboche anplwaye a.

Men, menmsi yon patwon vle mete li an règ ak lwa imigrasyon, sa pa ta dwe sèvi kòm pretèks pou li fè diskriminasyon oswa vanjans kont anplwaye yo daprè lwa travay ki aplikab yo. Pa egzanzp, tribinal yo konn jwenn yon patwon kapab ap fè yon vanjans sou anplwaye yo si li mande yo ranpli yon Fòmilè I-9 pou premye fwa *sèlman aprè* menm anplwaye sa yo te fin depoze yon plent lajistis kont patwon sa a ki t ap vyole dwa yo nan espas travay la.

13. Èske yon patwon gen dwa revoke yon anplwaye paske li pa ni gen pèmi travay ki valid, ni li pa gen lòt prèv pou montre li gen otorizasyon travay?

An prensip, wi. Yon lòt fwa ankò, patwon yo gen yon obligasyon pèmanan pou yo anboche epi kenbe sèlman anplwaye ki gen otorizasyon legal pou yo travay Etazini. Sa vle di, legalman, yo gen obligasyon pou yo revoke tout anplwaye yo konnen ki pa gen pèmision sa a ankò. Si se vrè rezon ki fè yon patwon deside revoke yon anplwaye, nan ka sa a, li gen anpil chans pou li legal.

Men, pafwa gen patwon ki di yo revoke yon anplwaye paske li pa gen pèmi travay, poutan vrè rezon an se yon revanj oswa diskriminasyon y ap fè sou anplwaye a. Menmsi anplwaye a pa gen pèmi travay ki valid ankò oubyen li pa gen lòt prèv ki montre li gen otorizasyon travay, li toujou posib pou yon patwon vyole lwa kont diskriminasyon ak revanj si vrè rezon ki fè li revoke anplwaye a se diskriminasyon oswa revanj. Pa egzanzp, li ka yon vyolasyon kont lwa travay si yon patwon ta revoke yon anplwaye paske anplwaye a te depoze yon plent pou èdtan travay yo pa peye l, menmsi anplwaye sa a pa gen pèmi travay ki valid ankò. (Gade Kesyon 16.)

14. E si anplwaye a gen yon pèmi travay ki toujou valid men yon patwon swa refize anboche l oswa patwon an revoye l paske l di pèmi travay la pa valid?

Pafwa, yon patwon pa aksepte yon pèmi travay ki valid kòm yon prèv otorizasyon travay pou anboche yon anplwaye. Oubyen, yon patwon gen dwa revoke yon anplwaye, sou baz yon rezon ki fo, kòmsi pèmi travay anplwaye sa a ta ekspire. Nan toulède ka yo, poutèt gen anpil chanjman ki ap fèt sou politik ki gen enpak sou validite pèmi travay yo, li t ap enpòtan pou patwon yo verifye plizyè fwa si pèmi travay yo toujou valid oswa si yo pa valid (gade Kesyon 4 jiska 7). Si se konsa, patwon yo kapab ap vyole lwa ki kont diskriminasyon ki entèdi yo **refize aksepte** pyès ki montre prèv otorizasyon travay la valid sou baz diskriminasyon kont anplwaye yo poutèt peyi kote yo sòti oswa poutèt estati sitwayènte yo. Daprè lòt detay, li posib tou pou yon patwon ki nan sitiyoasyon sa a kapab ap vyole lwa ki aplikab sou imigrasyon ak travay ki entèdi diskriminasyon lè y ap anboche yon anplwaye epi, nan ka yon anplwaye ki te gentan nan travay la, lwa a entèdi revokasyon ak revanj.

Anplis de sa, sa rive pafwa yon patwon konn fè erè, li panse pèmi travay anplwaye a ekspire, poutan li te gen yon pwolongasyon otomatik. (Gade Kesyon 5 sou pwolongasyon otomatik.) Nan ka sa a, defansè dwa yo kapab sipòte travayè yo nan sans sa a pou montre patwon yo pèmi travay la toujou valid. (Gade [gid USCIS](#) sou dokiman anplwaye yo kapab montre patwon yo kòm prèv ki endike yo te pwolonje pèmi travay yo otomatikman.)

15. Kisa k ap rive si yon anplwaye kontinye travay malgre pèmi travay li oswa nenpòt lòt otorizasyon travay li ekspire?

Anplwaye yo pa gen obligasyon legal pou yo enfòmè patwon yo si pèmi travay yo ekspire. Okontrè, jan nou te pale l nan Kesyon 8 la, se patwon yo ki gen obligasyon legal pou mande yon anplwaye pou fè re-verifikasyon pèmi travay yo si l ap ekspire.

Si yon anplwaye kontinye travay aprè pèmi travay li fin ekspire, li kapab fè fas ak sanksyon imigrasyon paske l ap travay san pèmi travay. Pa egzanp, yon jij oubyen yon ajan imigrasyon kapab konsidere sa kòm yon faktè negatif lè l ap pran desizyon pou ba w yon kat rezidans pèmanan oswa lòt estati imigrasyon ki depann de diskresyon jij la oswa ajan an. Epitou, anplwaye sa a gendwa fè fas ak sanksyon imigrasyon oubyen kriminel si li bay fo dokiman oubyen si li fè fo deklarasyon sou estati li, otorizasyon travay li oubyen idantite l pou li ka kenbe travay la.

16. Si yon anplwaye kenbe travay li malgre li fin pèdi pèmi travay li, èske li toujou gen dwa antanke travayè?

Wi. Prèske tout dwa ki gen pou wè ak espas travay yo aplike pou TOUT anplwaye menmsi yo pa gen otorizasyon travay.

Pa egzanp, tout anplwaye, menm anplwaye ki pa gen papye yo, gen dwa pou yo:

- peye yo omwen salè minimòm pou tout èdtan yo travay, epi peye yo lè sipleman tè pou tout lè anplis yo travay;
- travay nan yon espas ki kenbe yo an sekirite epi an sante ki pa mete sekirite yo an danje;
- pa sibi diskriminasyon oswa entimidasyon akòz sètenx karakteristik lalwa pwoteje tankou sèks, peyi kote w soti, ras, relijyon; epi
- pa tire revanj sou yo si y ap egzèse dwa yo.

Kèlkeswa estati pèmi travay swa estati imigrasyon anplwaye yo, yo gen dwa pou òganize yo epi pou fòme yon sendika.

Jan nou espliche li nan Kesyon 18 la, yon ekspesyon ki genyen se si anplwaye a pèdi travay li

paske li pa gen pèmi travay anko. An prensip, li pa p gen dwa benefisye okenn asirans kont chomaj.

17. Si yon anplwaye pèdi travay li paske li pa gen pèmi travay ankò, èske l ap gen dwa touche salè ki rete sou konje vakans ak konje maladi ki akimile li pa t itilize yo?

An prensip, wi. Si lwa nasyonal ak/oswa lwa lokal ki egzije pou patwon an peye salè sou konje vakans ak/oswa konje maladi ki akimile, lè y ap revoke yon anplwaye oubyen lè y ap mete l sou sispansyon, lè sa a, anplwaye a ta dwe gen dwa pou li benefisye pèman sa a menmsi li pèdi travay li paske li pa gen pèmi travay ankò. Nan kèk eta, lalwa fè yon separasyon ant konje vakans peye anplwaye a pa t itilize ak konje maladi, epi yo egzije pou yo peye anplwaye sèlman konje vakans yo, men pa peye konje maladi yo pa t itilize yo. Anplwaye a ap gen bezwen verifye lwa nasyonal nan eta kote yo te anboche l epi t ap travay la pou l konnen egzakteman ki kalite konje peye ki akimile patwon an ap gen pou peye, lè yo revoke l. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade [la a](#) epi [la a](#).

18. Si yon anplwaye pèdi pèmi travay li epi li kite travay la oubyen yo revoke l paske li pa gen pèmi travay, èske l ap ka benefisye asirans kont chomaj?

Non. Pou yon moun ranpli kondisyon ki pou pèmèt li benefisye asirans kont chomaj, moun sa a dwe “kapab epi disponib” pou travay. Ajans gouvènman yo bay entepretasyon sou lwa pou di yon moun “pa kapab epi pa disponib” pou travay si li pa gen otorizasyon legal pou travay. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade resous sa a sou [kondisyon travayè imigran yo dwe ranpli pou benefisye asirans kont chomaj](#).

Defansè dwa yo ansanm ak travayè yo ta dwe verifye si pa gen lòt fon piblik oswa prive (tankou finansman solidarite kominotè) ki disponib nan zòn yo pou sipòte travayè ki pa ranpli kondisyon pou benefisye asirans kont chomaj.

19. Si yon anplwaye pèdi travay li paske li pa gen pèmi travay ankò, èske li ka mande lajan ki nan kont retrèt patwon an te finanse pou li a?

Anpil travayè ki pèdi pèmi travay yo pa p gen kont retrèt patwon an te finanse pou li. Pou moun yo ki genyen l, posibilite pou yo retire lajan sa a pral depann ki kalite kont lan, epi si lajan an vin “akeri” (li pou anplwaye a nèt). Pou nou pi klè, si anplwaye a gen yon fon ki “vested” sou kont retrèt patwon an finanse, sa vle di anplwaye a kapab retire tout kòb ki te depoze sou kont sa a lè l ap kite travay la. Sa gen ladann *ni* kontribisyon anplwaye a retire sou salè li ki ale sou kont lan *ni* kontribisyon patwon an depoze sou kont lan. Si kontribisyon yo poko akeri, omwen anplwaye a

ap kapab retire kontribisyon li te mete sou kont lan ak lajan salè li (men li pa p ka pran sa patwon an te depoze). Kidonk, nou kapab sipoze, yon anplwaye gen yon “kontribisyon ki defini” nan kad yon plan retrèt; ki se kalite plan ki pi komen nan sektè prive Ozetazini. Se sèlman yon ti kantite antrepriz prive ansanm ak plizyè ajans gouvènmantal ki bay lòt kategori plan retrèt, sa vle di li gen yon “prestasyon ki defini” ki aplike yon règleman diferan. Anplwaye yo ta dwe konsilte depatman resous imen yo a oswa reprezantan sendika yo pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo kapab fè retrèt anba plan sa yo.

Fòk nou di tou, pifò plan retrèt yo pa egzije pou yon anplwaye vide kont lan lè y ap kite yon travay Si anplwaye a ap kite kòb la sou kont bankè pou retrèt li patwon an finanse, gen plis enterè k ap ajoute sou li ki vle di lajan an ap vin pi plis, men patwon an pa p ajoute kòb sou li ankò. Si anplwaye a chwazi fè retrèt sou kont lan an lajan kach, l ap pèdi anpil nan valè kòb la akòz penalite ak taks l ap gen pou l peye. Pou evite penalite sa yo, sa ka rive yo kapab ouvri yon kont pèsònèl pou retrèt, tankou yon Individual Retirement Account (“IRA”) epi pou l “transfere” kòb la sou kont pèsònèl li a.

20. Ki avantaj yon anplwaye kapab eseye avèk patwon li, si patwon an revoke l akòz li pèdi pèmi travay li?

Pi ba a, nou pral site kèk egzanp avantaj yon anplwaye ki nan sityasyon sa a kapab eseye negosye ak patwon l:

- Pou yo ba l yon pèman paske yo revoke l (severance pay);
- Pou yo peye l tout konje vakans peye ki akimile yo (jan nou presize sa nan Kesyon 17 la, sa kapab yon obligasyon nan kèk eta);
- Bay anplwaye a opòtinite pou l kapab tounen nan travay la si l vin gen pèmi travay alavni;
- Mete anplwaye a sou yon konje san peye jiskaske li kapab vin jwenn pèmi travay.

21. Ki lòt dwa oswa pwoteksyon ki ka egziste pou travayè yon sendika reprezante anba yon akò negosyasyon kolektif?

Sendika yo negosye kontra yo avèk patwon yo, nan non manm yo, pou yo antann sou kondisyon travay manm sendika yo. Enfòmasyon ki nan FAQ sa a aplike ak tout travayè, san gade sou si yo gen yon akò negosyasyon kolektif ki pwoteje yo oswa si yo pa gen akò ki pwoteje yo. Kontra sendika yo kapab bay *lòt pwoteksyon* pou manm sendika a anplis de sa nou diskite nan FAQ sa a.

Pa egzanp, yon kontra kapab genyen règleman sou fason patwon an dwe fè odit entèn an rapò ak Fòmilè I-9, pwosedi pou fè re-verifikasyon, disiplin anplwaye yo, oubyen dwa anplwaye yo pou yo resevwa nan ka ICE ap fè yon odit I-9. Kontra chak sendika diferan, epi travayè ki anba

kontra sa yo dwe konsilte kontra a ansanm ak reprezantan sendika yo a pou konnen si yo gen lòt dwa, anplis dwa nou eksplike nan FAQ sa a.

Remèsiman

Anpil mèsè pou tout òganizasyon patnè ki te revize epi te bay kòmantè esansyèl yo pou nou te kapab mete FAQ sa a sou pye, san nou pa bliye: Ann Garcia (National Immigration Project), Chris L. Hart, Esq., Esther Sung ak Laura Flores-Perilla (Justice Action Center), Monica Guizar (Service Employees International Union), Yael Schacher (Refugees International), avèk manm estaf Asylum Seeker Advocacy Project (ASAP).